O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

Aqziyra Qosbergenovanın`

KURS JUMISI

TEMA: T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanındag`ı bag`ının`qılı qospa ga`pler

İlimiy basshı: f.i.k., doc. D.Seydullaeva

No`kis - 2014

## JOBA:

Kirisiw.

1. T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanında qollanılg`an baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler

2. T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanında qollanılg`an bayanlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler

3. T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanında qollanılg`an tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler

4. T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanında qollanılg`an anıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler

5. T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq da`stanı» romanında qollanılg`an pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler

Juwmaq.

Paydalanılg`an a`debiyatlar.

## Kirisiw

Bag`ının`qılı qospa ga`pti du`ziwshi jay ga`pler ma`nileri wo`z ara ten` bolmag`an eki yamasa birneshe predikativlik birliklerdin` sintaksislik baylanısınan du`ziledi. Olardın` quramındag`ı jay ga`pler biri ekinshisin tu`sindirip, bag`ının`qılı sıpatqa iye boladı. Bul sintaksislik kategoriyanın` «bag`ının`qılı qospa ga`p» termini menen atalıwının` wo`zi de usı sıyaqlı wo`zgesheliklerine tiykarlanadı.

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` semantikalıq du`ziliwi wonın` quramındag`ı jay ga`plerdin` tu`sindiriwish, bag`ının`qı jay ga`pi arqalı iske asadı. Bul jag`dayda bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` du`ziliwinde tiykarg`ı xızmetti atqaradı. Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh forması arqalı qospa ga`ptin` quramına birigedi.

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` tu`sindiriwshi, g`a`rezlilik sıpatqa iye bolg`an turi bag`ının`qı ga`p, bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriliwshi jay ga`p bas dep ataladı. Bag`ının`qı ha`m bas ga`p wo`z ara bir-biri menen ma`nilik, grammatikalıq, intonaciyalıq jaqtan baylanısqan bir pu`tin qospa ga`pti du`zedi.

Bag`ının`qı ga`p bas ga`pke ma`nilik jaqtan qatnaslı bolıwına baylanıslı wonın` quramındag`ı bir ag`zanın` yamasa pu`tin bas ga`ptin` tsindiriwshi ga`pi xızmetin atqaradı. Sonlıqtan qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponenti bir pu`tin bag`ının`qılı qospa ga`pti du`ziwshi tiykarı bolıp esaplanadı. Eger bag`ının`qılı qospa ga`pti du`ziwshi jay ga`pler usı sıyaqlı belgige iye bola almasa, wonda olar bag`ının`qılı qospa ga`p bola almaydı. Mısalı: <u>Jergilikli xalıq arasınan batılıraq birewleri wonın` atın, milletin biliwge qızıqsınsa</u>, ashıwlanbay, kishipeyillik penen juwap beredi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 436-bet). <u>Bul wonın` dan`qın ja`ne bir tekshke biyikke ko`terip</u>, adamlar wog`an ko`birek ıntıg`atug`ın boldı (sonda).

Bul ga`plerdin` quramındag`ı jay ga`plerdin` da`slepkileri bag`ının`qı, son`g`ısı bas ga`p. Bag`ının`qı ga`pler bas ga`ptin` quramındag`ı bir ag`zag`a

qatnaslı, sonı sıpatlap, tu`sindirip keliwi arqalı bas ga`p penen baylanısadı. Birinshi ga`ptin` da`slepki komponentindegi ne soraw-qatnas almasıg`ı bas ga`ptegi tabıs sepligindegi siltew almasıg`ınan bolg`an tolıqlawıshqa qatnaslı sonı sıpatlap tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zip kelgen. Son`g`ı ga`plerdin` bag`ının`qı komponentlerindegi dıqqat etilgen so`zler de joqarıdag`ı taqılette bas ga`plerdegi pısıqlawısh, bayanlawısh ag`zalardı sıpatlap, sol ma`nidegi bag`ının`qılı qospa ga`plerdi du`zedi.

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler bir-biri menen bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları, bag`ındırıwshı da`nekerler, da`nekerlik xızmettegi janapaylar ha`m qatnaslıq so`zler arqalı baylanısadı. Bag`ının`qı ga`pti bas ga`pke biriktiriwshi grammatikalıq qurallar, ko`binese bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` quramında qollanıladı.

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` bag`ının`qı komponentleri bas ga`p penen baylanısıw usılına qaray eki turli strukturalıq wo`zgeshelikke iye boladı. Olardın` bir bas ga`p penen sintetikalıq usıl arqalı baylanısadı da, ekinshisi analitikalıq usılda baylanısadı. Sonın` menen qatar, bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` bag`ının`qı komponentleri bas ga`pke qatnaslı birneshe semantikalıq wo`zgeshelikler iye bolıp keledi.

Bag`ının`qılı qospa ga`pler menen feyil toplamlı jay ga`plerdin` arasında formal-du`zilislik jaqtan bir-birine ku`ta` jaqın uqsaslıqlar ushırasadı. Bul eki sintaksislik kategoriyalardın` arasındag`ı ayırmashılıqlardı ashıwda ilimiy izertlewlerde ha`r turli ko`z-qaraslar orın alıp kiyatır. Bul tuwralı turkiy tillerinde qanshama ken` ilimiy-teoriyalıq izertlewler alıp barılsa da, bulardın` arasındag`ı ayırmashılıq juwmaqlawshı bir sheshimge kele almay, Ha`zirge deyin talas-tartıslı pikir tuwdırıwshı izertlew ob`ektlerinin` bir retinde qalıp kiyatır. Sonlıqtan feyil toplamlı jay ga`pler menen bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` turkiy tillerinde izertleniwine qısqasha toqtap wo`tiwge tuwra keledi.

## 1. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» ROMANINDA QOLLANILG`AN BASLAWISh BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bag`ının`qılı ga`p bas ga`ptegi qatnaslıq so`zden bolg`an baslawıshtın` mazmunın tu`sindiredi yamasa bas ga`pte qollanılmag`an baslawıshtın` wazıypasın atqaradı. Bul ga`ptin` baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`p dep atalıwı bas ga`ptegi ataw formasında qollanılg`an qatnaslıq so`zdin` baslawısh wazıypasın atqarıwına baylanıslı ataladı. Bunda qatnaslıq so`zli bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi qatnaslıq so`zden bolg`an baslawıshtın` mazmunın tu`sindirip sıpatlaw arqalı ekewinin` birligi baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zedi.

Baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`p eki qatnaslıq so`zli bolıp qollanıladı. Bunday jag`dayda bag`ının`qı ga`pte qatnaslıq so`z wazıypasındag`ı soraw almasıqları, bas ga`pte sog`an muwapıq siltew almasıqları yamasa sol ma`nige jaqın atawısh so`zler qatnasadı: Kim qanday ga`p aytsa, ba`ri qula dalag`a aytıladı (T.Qayıpbergenov).

Eki qatnaslıq so`zli baslawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bas ga`pte stillik talapqa baylanıslı qatnaslıq so`z qollanılmay da keledi. Kim maldan ayırılsa, baxıttan, bag`-da`wletten ayırıladı (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar»).

## 2. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» ROMANINDA QOLLANILG`AN BAYaNLAWISh BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Bayanlawısh bag`ının`qılı ga`pte bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi qatnaslıq so`zden bolg`an bayanlawıshtın` mazmunın tu`sindirip anıqlap keledi. Bayanlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziliw wo`zgesheligine qaray bir qatnaslıq so`zler ha`m eki qatnaslıq so`zler bolıp qollanıladı.

Bir qatnaslıq so`zli bayanlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bas ga`pte baslawısh wazıypasındag`ı qatnaslıq so`z bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriledi. Bunday jag`dayda bas ga`ptin` bayanlawıshı to`mendegi formalardag`ı qatnaslıq so`zlerden boladı.

1. Bas ga`ptin` bayanlawıshı sonday qatnaslıq so`zinen bolıp, bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriledi: Dawıldın` ku`shliligi sonday, birew qos qollap

gewden`nen iytergendey keyinge qaray alıp ketedi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 511-bet).

2. Bayanlawıshı sonsha, sonshelli so`zlerinen bolıp kelgende de, bas ga`ptin` mazmunı bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriledi: Tu`nnin` qaran`g`ılıg`ı sonsha, ko`zine turtse bilmeysen` (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar»).

## 3. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» ROMANINDA QOLLANILG`AN TOLIQLAWISh BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi qatnaslıq so`z arqalı bildirilgen tolıqlawıshtı tu`sindirip wonın` ma`nisin tolıqtırıp keledi. Tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler de mazmun ha`m du`zilisi jag`ınan bir qatnaslıq so`zli ha`m eki qatnaslıq so`zli bolıp du`ziledi:

Bunday du`zilistegi tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler kiris ga`pli konstrukciyalarg`a ku`ta` jaqın keledi. Biraq, kiris ga`pli konstrukciyalarda qatnaslıq so`z qollanılsa, wonday ga`pler kiris ga`p yemes, qatnaslıq so`zi tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p dep qaralıwı tiyis.

Eki qatnaslıq so`zli tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponentinde kim, kimde-kim, kimdi, ne, neni qatnaslıq so`zleri, bas ga`pte ha`r turli seplik formalı bunı, wo`zine, sonı, sog`an t.b. siltew ha`m wo`zlik almasıqları qollanıladı. Bul sıyaqlı eki qatnaslıq so`zli tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` bas ga`pi bag`ının`qı ga`pten son` kelip, bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriledi: Kim qolına ne ilinse, sonı alıp jolg`a rawana bolıp atır (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 547-bet).

Bunday eki qatnaslıq so`zli tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` bas ga`pinde qatnaslıq so`z qollanılmay keliwi de mu`mkin. Bul jag`day tolıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` mazmunının` tolıq bildiriwine kemislik keltirmeydi. Bas ga`ptegi qollanılmag`an tolıqlawısh wazıypasındag`ı qatnaslıq so`z ga`ptin` ulıwmalıq mazmunınan yamasa bas ga`ptegi awıspalı feyilden bolg`an bayanlawıshının` balentliligine baylanıslı wonın` wornı belgili bolıp turadı:

Qaraqpalpaq xalqın kimde-kim ha`lsiz ko`rip mensinbese, qalay jazalanatug`ının tanıt (T.Qayıpbergenov).

## 4. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» ROMANINDA QOLLANILG`AN ANIQLAWISh BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Anıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pi bas ga`ptegi atlıq yamasa qatnaslıq almasıg`ınan bolg`an bas ag`zanın` ma`nisin tu`sindirip, anıqlap keledi.

Qaraqalpaq tilinin` materiallarında anıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p eki qatnaslıq so`zli bolıp, orın ta`rtibi jag`ınan bas ga`p bag`ının`qı ga`pten keyin keledi.

Jalmen jıynalısta qanday so`ylegen bolsa, adamlar tarqag`annan son` da Jiyemurat penen shu`yirkelenisip, ha`tteki maqtanısh penen kewil ko`tererlik so`zler aytısıp atırg`an edi (T.Qayıpbergenov).

Bul anıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bas ga`pinde wonın` degen anıqlawıshlar tu`sirilgen. Tu`sirilip qaldırılg`an anıqlawıshtın` wornı sol ga`ptin` ulıwmalıq mazmun ha`m tartımlanıp kelgen anıqlawıshı so`z arqalı ga`p ishinde belgili bolıp turadı.

## 5. T.QAYIPBERGENOVTIN` «QARAQALPAQ DA`STANI» ROMANINDA QOLLANILG`AN PISIQLAWISh BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p turkiy tillerinin` qaysısında bolsa da, ma`nisi ha`m du`zilisi jag`ınan ko`p qollanılatug`ın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bir turi. Ha`zirgi turkiy tillerindegi izertlewler ha`m grammatikalarda wonın` semantikalıq turlerge bo`liniwi 7 den 12 ge deyin ha`r turli sanda ko`rsetiledi.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi ilimiy miynet ha`m xabarlıqlarda pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` waqıt, orın sın, salıstırmalı, sebep, maqset, sha`rt

ha`m qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p sıyaqlı 8 turi qa`liplesken turde u`yrenilip kiyatır. Olar du`zilisi bayanlawısh formasının` bildiriliwi, bag`ındırıwshı da`neker ha`m da`nekerlik xızmettegi so`zlerdin` qatnasına qaray bir-birinen ajıralıp turadı.

Ha`zirgi turkiy tillerindegi ko`pshilik grammatika ha`m sabaqlıqlarda baslawısh, bayanlawısh, tolıqlawısh, anıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler menen bir qatarda, pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler funkcionallıq princip tiykarında ko`p jıllardan beri u`yrenilip kiyatır. Sonday-aq, wo`zbek tili izertlewshileri ta`repinen anıqlawısh, tolıqlawısh, bag`ının`qı ga`pler sıyaqlı, pısıqlawısh bag`ının`qılı ga`ptin` de bas ga`ptin` bir ag`zasına qatnaslı bas ga`ptin` mazmunı menen baylanısıp, sol arqalı tu`sindirip keletug`ını so`z etiledi.

Qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`pler boyınsha izertlewlerde joqarıda atalg`an «pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p» termini menen qollanılmay, «bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nisine qaray turleri» dep atalıp kiyatırg`anı ma`lim. Haqıyqatında, pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponenti wo`zinin` predikativlik belgisin saqlag`an halda jay ga`plerdegi pısıqlawısh sıyaqlı, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` mazmunın ha`r ta`repleme sıpatlap, wonın` menen pısıqlawıshlıq ma`nide baylanısadı. Bul jag`ınan pısıqlawısh bag`ının`qı ga`pler jay ga`plerdi tolıqlawısh ha`m pısıqlawıshlardın` tu`sindirip kelgeni sıyaqlı bag`ının`qı ga`pler de mazmunı jag`ınan bas ga`ptin` quramına kirip, ga`p ishindegi ga`p taqlette is-ha`reket, waqıyalardı ha`r turli pısıqlawıshlıq ma`nide sıpatlaydı. Biraq, bas ga`ptin` quramında wonın` bir ag`zası sıyaqlı pu`tkilley sin`isip ketpey, bag`ının`qılıq ma`nidegi ga`plik belgisin saqlaydı

Qaraqalpaq a`debiy tilinin` faktlerine tallaw jasap qarag`anımızda pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` funkcional semantikalıq belgisine qaray: waqıt, orın, sın, salıstırmalı, mug`dar-da`reje, sebep, na`tiyje, maqset, sha`rt ha`m qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p sıyaqlı 10 turgebo`linetug`ını anıqlanadı. Bulardın` mug`dar-da`reje ha`m na`tiyje bag`ının`qılı turlerinen

basqa w turi ilimiy miynet ha`m sabaqlıqlarda Ha`zirge deyin u`yrenilip kiyatır. Al, mug`dar-da`reje ha`m na`tiyje bag`ının`qı ga`p turleri wo`z aldına bo`linbey, basqa turlerinin` quramında u`yrenilip kelgen edi. Endi bulardı da a`debiy tildin` faktleri tiykarında wo`z aldına bo`lip u`yreniw maqsetke muwapıq keledi.

## 5.1. Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p

Pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p basqa turlerine qarag`anda til faktlerinde ma`nisi, du`ziliw wo`zgeshelikleri jag`ınan bay ha`m ken` qollanılatug`ın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bir turi. Pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turi tuwralı qaraqalpaq tilinde M.Awezov ha`m E.Da`wenov ta`repinen ken` izertlew jumısları islendi[a`].

Eki yamasa bir neshe jay ga`plerdin` wo`z ara birin-biri waqıtlıq ma`nide tu`sindirip baylanısqan qospa ga`p turleri waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi du`zedi. Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponenti bas ga`pten an`latılg`an is-ha`reket, waqıyanın` bolıw, bolıp wo`tiw ha`m endi bolatug`ın waqtın bildiredi: Atabek saldawshılıqqa jallanıp ketkeli, aqılım hayran edi (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 160-bet).

Bes ja`llat Ernazardı asaw tayday tuwlatıp o`lim maydanınan jan`a alıp shıqqanda, a`lle qaydan bas wa`zir tap bolıp qolların sheshtirdi de, shıg`anag`ınan uslap alıp ketti (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 434-bet).

Bul waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket waqıyaları bir-biri menen waqıtlıq ma`nide baylanısıp, bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`rekettin` bir waqıttı bolg`anın, bolıp wo`tkenin ha`m endi bolatug`ının ha`r turli waqıtlıq ma`nide sıpatlap kelgen.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı jay ga`pinin` bayanlawının` bildiriliwi ju`da` ken` qollanıladı. Olar, ko`binese kelbetlik feyil, hal feyil, ha`reketi feyilinin` ha`r turli formalarında, sonday-aq, sha`rt meyil, geyrara betlik feyilge da`nekerlik xızmettegi de ko`mekshi feyilinin` ha`r turli formalarında dizbeklesip keliwinen boladı.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` quramındag`ı jay ga`pler, tiykarınan, sintetikalıq usıl menen baylanısadı. Olardın` analitikalıq usılda baylanısıwı ju`da` az ushırasadı.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawısh formaları to`mendegi so`zler arqalı bildirilip, bas ga`p penen waqıtlıq ma`nilerge keledi.

1. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` **-g`an/-gen** formalı turinin` ataw formasında ken`islik seplik qosımtalı, waqıt ma`nili ko`mekshi so`zler ha`m tirkewishlerdin` dizbeklesiwinen bolıp, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw waqtın bildiredi: Qonaqlar atlarınan tu`sip atırg`anda, awqat ta pisip shamalasqan edi. (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 126-bet).

Bayanlawıshı **-g`anda** kelbetlik feyilden bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` quramında orın ma`nisin bildiretug`ın so`z kelgende, waqıt bag`ının`qı ga`ptin` ma`nisi orın bag`ının`qı ga`ptin` ma`nisine jaqın keledi: Ol awılg`a kelgende, quyash batıwg`a meyillenip edi (T.Qayıpbergenov). Bul ga`p ma`nisi jag`ınan waqıt bag`ının`qılı ga`pke jaqın. Quyash qashan batıwg`a meyillenip edi?- awılg`a kelgende batıwg`a meyillenip edi.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` usı sıyaqlı ma`nilik wo`zgesheligi esapqa alınıp, wo`zbek tilindegi geyrara izertlewlerde bayanlawıshı **-g`anda** formalı bag`ının`qılı ga`pler waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p dep u`yreniledi.

2. Waqıt bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı hal feyil formaları arqalı bildiriledi:

a) waqıt bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı -ıp/-ip,-p,-a,-e ha`m bolımsız -may/-mey formalı hal feyillerden ha`m aq janapayının` dizbeklesiwinen bolıp, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw waqtın an`latadı. Bunday du`zilistegi bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı -ıp,-a,-e formalı hal feyiller arqalı bildirilip kelgende, bag`ının`qı ga`ptin` is-ha`reket, waqıyaları burın, bas ga`ptin` waqıyası onnan keyin islengenlikti bildiredi: Olardın` kewilli ku`lkisi basılmay wotırıp-aq, Zarlıq kirip keldi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 450-

bet) . Aradan eki-u`sh ku`n o`tpey-aq, gu`rpildegen aq soqpaqqa aynaldı (sonda).

3. Waqıt bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ha`reket atı feyiline ha`r turli grammatikalıq qurallardın` qosılıwı arqalı da bildiriledi:

a) bayanlawıshı -ıw/-iw,-w ha`reket atı -shıg`ıs seplik qosımtasının` qosılıwı arqalı bildirilip, bas ga`ptin` is-ha`reket waqıyalarının` isleniw waqtın bildiredi. Eger usı du`zilistegi bayanlawıshqa aq janapayı dizbeklesip kelse, bas ga`ptegi is-ha`rekettin` tez islengenligin an`latadı: Shon`qı ketiwden, anası kirdi (T.Qayıpbergenov).

b) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı tartımlanıp kelgen -ıw/-iw formalı ha`reket atına tirkewishlik xızmettegi mattal so`zinin` dizlesip keliwinen bolıp, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` is-ha`reketinin` waqıtlıq jaqtan izbe-izligin an`latadı. Olar ko`rinbey ketiwi mattal, Amangu`ldin` to`besinde bir topar g`arg`a payda boldı (T.Qayıpbergenov).

4. Waqıt bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı -sa/-se formalı sha`rt meyilden bolıp, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw waqtın bildirip keledi.

a) sha`rt meyildin` -sa/-se forması bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde kelgende, 1- ha`m 3- betlerde qollanıladı ha`m bas ga`ptin` is-ha`reketi menen bir waqıtta bolg`an is-ha`reketlerdi an`latadı: Sol ku`ni Temirbek Turg`anbaydikine kelse, ol xoja menen so`ylesip wotır eken (T.Qayıpbergenov).

## 5.2. Orın bag`ının`qılı qospa ga`p

Orın bag`ının`qılı ga`p bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw ochnın, baslanıw yamasa bag`darlang`an wornın bildiredi. Bag`anın`qılı qospa ga`ptin` bul turi ko`pshilik turkiy tillerinde erteden u`yrenilip kiyatırsa da, qaraqalpaq tilinde jaqıng`a deyin wo`z aldına bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bir turi retinde qaralmay, sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramında u`yrenilip keldi. Ha`tte, qazaq tilindegi izertlewler ha`m grammatikalarda Ha`zirge deyin sha`rt qatnas bag`ının`qılı qospa ga`p retinde u`yrenilip kiyatır.

Orın bag`ının`qılı qospa ga`p wo`tken a`sirdin` 70-jıllarının` ortalarına kelip, E.Da`wenovtın` qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`pler boyınsha izertlewlerinen orın aldı. 90-jıllardan baslap mektep sabaqlıqlarında da u`yrenilip kiyatır[q].

Qaraqalpaq tilinin` faktlerine tallaw jasap qarag`anımızda, orın bag`ının`qılı qatnaslıq so`zler arqalı analitikalıq ha`m bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh forması arqalı sintetikalıq usıl menen du`ziletug`ını belgili.

**1. Analitikalıq usıl menen du`zilgen orın bag`ının`qılı qospa ga`p.** Orın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turinin` du`ziliwi ushın bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-sa** formalı sha`rt meyil arqalı bildiriledi de, bag`ının`qı menen bas ga`ptin` quramında qatnaslıq so`zler qollanıladı: El qayda ko`shse, biz de solay ko`shemiz (T. Qayıpbergenov).

Qatnaslıq so`zler arqalı du`ziletug`ın orın bag`ının`qılı qospa ga`pler eki qatnaslıq so`zli bolıp keledi. Olardag`ı qollanılatug`ın qatnaslıq so`zler formalıq ha`m ma`nilik jaqtan, ko`binese bir-birine sa`ykeslenedi. Geyde olar bag`ının`qı ha`m bas ga`pte formalıq jaqtan sa`ykeslenbey, ha`rturli formalarda qolanıwı da mu`mkin. Biraq olardın` arasındag`ı orın ma`nisinin` an`latılıwına kemislik kelmeydi.

Geyde eki qatnaslıq so`zli orın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bas ga`pinde stillik talapqa ılayıq qatnaslıq so`z tu`sirilip te qollanılıwı mu`mkin. Biraq bas ga`ptedi tu`sirilgen qatnaslıq so`zdin` wornı ulıwma ga`ptin` mazmunı, kontekst arqalı belgili bolıp turadı. Qay jerde daw bolsa, na`stek tola (T. Qayıpbergenov).

**2. Sintetikalıq usıl menen du`zilgen orın bag`ının`qılı qospa ga`p.** Orın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turi E.Da`wenovtın` qaraqalpaq tilindegi orın bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha izertlewinde so`z etilmeydi. Ol birinshi ret mekteplerdin` 9-klassları ushın du`zilgen «Qaraqalpaq tili» sabaqlıg`ının` 1991-jılg`ı basılıwında orın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` du`ziliwinin` 2-turi retinde ko`rsetildi. Bunda «bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` orın seplik qosımtalı **-g`anda** formasınan bolıp, bas ga`p penen baylanısadı. Bunday

jag`dayda tiykarg`ı orın ma`nisin bag`ının`qılı ga`ptegi orın ma`nisindegi so`z atqaradı» dep ko`rsetiledi.

Orın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turinin` du`ziliwi eki turli bolıp keledi:

a) orın bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` orın seplik qosımtalı **-g`an/-gen** turi arqalı bildirilip, bas ga`p penen baylanısadı. Bunday du`zilistegi bag`ının`qı ga`ptin` quramında orın ma`nisindegi so`zler qollanılıp, bas ga`pten an`latılg`an is-ha`reket, waqıyanın` isleniwinin` belgili orıng`a qatnaslılıg`ın bildiredi: Ko`ldin` jiyegine kelgende, taqırlıq shatırashtay bolıp ko`rindi. (T. Qayıpbergenov);

b) orın bag`ının`qılı ga`ptin` bayanlawıshı ataw formadag`ı **-g`an/-gen** formalı kelbetlik feyilge ko`mekshilik xızmettegi jerde so`zinin` dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`ptegi is-ha`rekettin` isleniw orının bildiredi: Sa`lmen u`yine jaqınlag`an jerde, onı Xoja ku`tip aldı. (T.Qayıpbergenov).

Bul du`zidistegi ga`p ma`nisi jag`ınan waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p. Wonın` bag`ının`qı ga`pi **qashan?** degen sorawg`a juwap beredi. Eger usı ga`ptin` quramına **jerde** so`zin qatnastırıp du`zgenimizde, wonın` ma`nisi orın ma`nisine o`tedi. Bul jag`dayda bag`ının`qı ga`pke orın ma`nisine qatnaslı qayerde? sorawı qoyıladı.

## 5.3. Sın bag`ının`qılı qospa ga`p

Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` bag`ının`qı ga`pi bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` qalay islengenin, qa`ytip a`melge asqanın yamasa aspag`an halatın, sının sıpatlaydı.

Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshı, ko`binese hal feyil formaları arqalı bildiriledi. Bayanlawıshı hal feyilden bolg`an bag`anın`qılı ga`pler sırtqı ko`rinisi ha`m ma`nisi jag`ınan hal feyilli toplamlarg`a uqsas keledi. Biraq, olardın` arasındag`ı ayırmashılıqtın` turkiy tillerinde biraz qa`liplesip kiyatırg`anı ma`lim. Bul ayırmashılıq olardın` du`zilisinde ko`rinedi. Hal feyil toplamlı jay ga`plerde hal feyil toplamın du`zgen qurılım wo`zine ta`n baslawıshsız, jay ga`ptin` quramında wonın`

ken`eytilgen ag`zası xızmetin atqaradı. Al hal feyiller bag`ının`qılı ga`ptin` bayanlawıshı wazıypasında kelgende wo`z baslawıshına iye bolıp, ga`plik qurılımdı du`zedi. Qospa ga`ptin` quramındag`ı bas ga`pke g`a`rezli bolıp, bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sının, qalay iske asqanın sıpatlap keledi: Ma`wlennin` quwanıshqa tolı shiykil sarı ju`zi quwarıp, ja`n-jag`ına qaradı (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 463-bet).

Sın bag`ının`qılı qospa ga`p, tiykarınan, sintetikalıq usılda baylanısadı. Olardın` du`ziliwine qatnaslıq so`z yamasa bag`ındırıwshı da`nekerler qatnaspaydı.

Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponentinin` bayanlawıshı, ko`binese hal feyil formaları, siyrek jag`dayda atawısh ha`m geyrara ko`mekshi so`zlerdin` qatnasınan du`ziledi:

1. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı –ıp/-ip/-p formalı hal feyiller arqalı bildirilip, bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyag`a qatnaslı wonın` qalay islengenin, qa`ytip iske asqanın sıpatlaydı: Birinikin biri qızg`anıp, birinikin ekinshisi iyeler eken (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 27-bet»). Eki betinin` alması qalqıp, ko`zleri jumıla baslag`an eken (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 434-bet).

2. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolımsız formadag`ı hal feyildin` **may/-mey** qosımtalı turinen bolıp, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw sının bildiredi: Olarg`a soqqı beretug`ın la`shker jiberilmey, barlıq ku`sh qon`ıratlılarg`a qarsı ja`mlendi. Xan olardı qasaqana narg`a mingizbey, urıstın` barısın ko`rsetpey, olarg`a wo`zi xabar aytıp tur (T.Qayıpbergenov).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **– g`anday/-gendey/-tug`ınday** formalı hal feyil ha`m sol formalardan keyin bolıp ko`mekshi feyilinin` dizbeklesiwi arqalı du`zilip, is-ha`reket, waqıyasının` qalay, qa`ytip iske asqan sının bildiredi: Bunın` ekinshi turi (qanday bolıp) da`slepki **(qanday)** turine qarag`anda waqıyanın` isleniw sının anıq ko`rsetedi: Jerdin` u`stinde ha`reket toqtap qalg`anday, bir kese shay ushın tınıshlıq sho`kti (T.Qayıpbergenov). Ton`nın` u`sti jibiskendey bolıp, atızlar janlandı (T.Qayıpbergenov).

Bayanlawıshı hal feyildin` **-qanday/-gendey** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qılı ga`p ma`ni bildiriwi jag`ınan salıstırmalı bag`ının`qı ga`pke uqsas kelip qalatug`ın jag`daylar da ushırasadı. Biraq, bunday da **-qanday** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` iske asıw usılının` salıstırmalı ma`nide kelse ha`m olardın` jay ga`plerinin` bayanlawıshları bir tu`bir so`zden yamasa sinonim so`zlerden bolsa, bunday jag`dayda salıstırmalı bag`ının`qılı ga`p boladı.

4. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı atawısh so`z ha`m geyrara eliklewish so`zlerge hal feyil formasındag`ı bolıp ko`mekshi feyilinin` dizbeklesiw arqalı bildirilip, bas ga`ptin` is-ha`reket, waqıyalarının` isleniw sının an`latadı: Wonın` dawısı tu`n tınıshlıg`ın buzg`an a`jayıp jan`g`ırıq bolıp, alıs-qıyırlar «ajag`a» dep ta`kirarladı (T.Qayıpbergenov).

## 5.4. Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyalarının` mazmunı bir-biri menen wo`z ara uqsaslıq, ten`ew ma`nilerinde salıstırıw arqalı du`ziledi. Olardın` arasındag`ı salıstırmalılıq birin-biri tu`sindiriw jolı menen yemes, is-ha`reket, waqıyalardın` yamasa jeke so`zlerdin` ten`be-ten`lik, uqsaslıq belgilerin salıstırıw arqalı iske asadı. Sonlıqtan salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` jay ga`plerine basqa bag`ının`qılı ga`plerdegidey sorawlar qoyılmaydı. Da`slepki jay ga`ptegi is-ha`reket, waqıya qanday da`rejede iske asatug`ın bolsa, son`g`ı jay ga`ptegi, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` sonday da`rejede iske asatug`ını salıstırıladı. Demek, bas ga`ptin` mazmunı bag`ının`qı ga`ptin` mazmunına salıstırıw arqalı ashıladı.

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` jay ga`plerinin` bayanlawıshı, ko`binese bir tu`bir so`zden yamasa ma`nileri wo`z ara bir-birine jaqın sinonim so`zlerden boladı.

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` jay ga`pleri sintetikalıq ha`m analitikalıq usıllar arqalı baylanısadı.

1. Bayanlawıshı kelbetliktin` **-g`an/-gen, -tugin** formalı turine sıyaqlı, sekilli tirkewishlerinin` dizlesiwi arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` mazmunı menen salıstırıladı: Diywalg`a pa`tikten nur to`gilgen sekilli, jaydın` ishi birden jaqtılang`anday boldı (T.Qayıpbergenov).

2. Bayanlawıshı shıg`ıs seplik qosımtalı **-g`an** formalı kelbetlik feyil ha`m sol seplik qosımtalı bar so`zine go`re tirkewishinin` dizbeklesiwinen bolg`an bag`ının`qı ga`p bas ga`ptin` mazmunı menen salıstırıwshılıq ma`nide baylanısadı: Biraq, eri bardan go`re, u`y-ishi biraz qorenish tartqan edi (T.Qayıpbergenov).

3. a) Analitikalıq usıl menen baylanısqan bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`ılı komponentinin` bayanlawıshı **–sa/-se** formalı sha`rt meyilden bolıp, bag`ının`qı ha`m bas ga`ptin` quramında qatnaslıq so`zler keliw arqalı bas ga`p penen salıstırmalı ma`nide baylanısadı: Toy tarqag`annan keyin qalay ma`sla`hat bersen`iz, solay jazalaymız (T.Qayıabergenov).

b) bag`ının`qılı ga`ptin` bayanlawıshı **–sa/-se** formalı bolsa ko`mekshi feyilinin` atawısh so`z, kelbetlik feyil ha`m geyrara modal so`zler menen dizbeklesip kelip keliwinen boladı. Bunday jag`dayda da salıstırıwshılıq ma`ninin` bildiriwi ushın bag`ının`qı ga`ptin` quramında qanday, bas ga`pte sonday qatnaslıq so`zler qolanıladı yamasa sonday so`zi qollanılmay da keliwi mu`mkin: Ja`lmen jıynalısta qanday so`ylegen bolsa, tarqag`annan son`da Jiyemurat penen shu`yirkelenisip, ha`tteki maqtanısh penen kewil ko`terin`kilik so`zler aytısıp tarqasqan edi. (T.Qayıpbergenov).

## 5.5. Mug`dar-da`reje bag`ının`qılı qospa ga`p

Pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turi turkiy tillerinin` ko`pshiliginde erteden u`yrenisip kiyatırsa da, qaraqalpaq tilindegi izertlew ha`m sabaqlıqlarda wo`z aldına qaralmay, Ha`zirge deyin salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramında u`yrenilip kiyatır[a`].

Haqıyqatında, mug`dar-da`reje bag`ının`qılı qospa ga`ptin` komponentlerinin` arasında mazmunı jag`ınan mug`dar ma`nisindegi salıstırıwshılıq bar. Biraq, salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`plerdegidey,

olardın` salıstırıwshılıq ma`nisi da`l anıq yemes. Bularda salıstırıwshılıqqa qarag`anda mug`darlıq mazmun basım keledi.

Mug`dar-da`reje bag`ının`qı ga`p bas ga`ptin` mazmunına qatnaslı wonın` is-ha`reketinin` mug`dar-shamasın, da`rejesin bildiredi. Pısıqlawısh bag`ının`qlı qospa ga`ptin` bul turi de basqa qatnaslıq bag`ının`qı ga`pler sıyaqlı qatnaslıq so`zli bolıp du`ziledi. Qatnaslıq so`zler olardın` eki komponentinde de qollanıladı. Eki qatnaslıq so`zli mug`dar-da`reje bag`ının`qlı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pi ba`rhama bas ga`pten aldın keledi.

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sha`rt meyildin` –sa/-se forması arqalı bildirilip, ha`rbir jay ga`ptin` quramında qatnaslıq so`zler qollanıladı.

Bag`ının`qı ga`pte **neshe, qansha** soraw almasıqları, bas ga`pte siltew almasıg`ı tiykarlı qatnaslıq so`z qatnasadı: Anası qansha ashıwlı ha`m jumbaqlı so`ylese, Ernazar sonsha teren` oyg`a shu`mer edi (T.Qayıpbergenov «Maman biy a`psanası» 29-bet).

### 5. 6. Sebep bag`ının`qlı qospa ga`p

Sebep bag`ının`qlı qospa ga`p du`ziliwi boyınsha bir-biri menen wo`z-ara ma`nilik jaqtan tıg`ız baylanıslı bolg`an bag`ının`qı ha`m bas ga`pten du`ziledi. Wonın` bag`ının`qlı ga`pi is-ha`reket, waqıyalar arasındag`ı sebepti bildiredi, bas ga`pte sol sebep na`tiyjesinde ju`zege keletug`ın waqıya ko`rsetiledi. Demek, sebep bag`ının`qlı qospa ga`p quramındag`ı sebeplik ma`ni sebep penen na`tiyjenin` tıg`ız baylanıslı bolg`an bag`ının`qı ha`m bas ga`pten du`ziledi. Wonın` bag`ının`qı ga`pi is-ha`reket, waqıyalar arasındag`ı sebepti bildiredi de, bas ga`pte sol sebep na`tiyjesinde ju`zege keletug`ın waqıya ko`rsetiledi. Demek, sebep bag`ının`qlı qospa ga`p quramındag`ı sebeplik ma`ni sebep penen na`tiyjenin` tıg`ız baylanıslılıg`ınan, wo`z ara qarım-qatnaslıq mazmunınan kelip shıg`adı. Bunda bag`ının`qı ga`ptegi waqıya mazmunı jag`ınan bas ga`ptegi waqıyanın` ishine wonın` sebebin bildiriwshi bo`legi sıpatında kiredi, sonlıqtan bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıya tiykarg`ı waqıya bolıp keledi: 1. Ku`n wo`tken sayın quyash shıjg`ırıp, Xorezm shuqırındag`ı barlıq janlı maqluqattın` din`kesi qurıp baratır (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar»

235-bet). 2. Keri buyrıq kishi eki tuwısqannın` ju`zlerine tu`tin bolıp urg`anday qarawıtıp, shep qaslarının` u`stindegi tarıday men`leri ko`rinbey qaldı (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 15-bet).

Bul ga`plerdin` ekewinde de bag`ının`qı ga`pten an`lasılg`an waqıyalar son`g`ı ga`ptin` mazmunı menen ma`nilik jaqtan baylanısıp, bag`ının`qı ga`plerdegi xabarlardan waqıyanın` sebebi (1. eki tuwısqannın` ju`zlerine keri buyrıqtın` tu`tin bolıp urıwı, 2. Maman Mırjıqtikinde qonıp wo`tkenligi) aytılsa, bas ga`pte sol sebepler arqalı ju`zege kelgen na`tiyje (1. shep qaslarının` u`stindegi tarıday men`lerinin` ko`rinbey qalıwı, 2. mira`t qılsa da qayırılmaw ketiw niyeti) bayanlanadı. Bunda bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi waqıyanın` kelip shıg`ıwına sebepshi boladı.

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bag`ının`qı ha`m bas ga`p wo`z-ara bir-biri menen sintetikalıq ha`m analitikalıq usıllar arqalı ma`nilik baylanısqa tu`sedi.

1. Sintetikalıq usılda du`ziletug`ın bag`ının`qı qospa ga`ptin` bag`ının`qılı ga`pi orın ta`rtibi jag`ınan ba`rhama burın, bas ga`p onnan son` keledi.

Sintetikalıq usıl menen baylanısqan sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı jay ga`pinin` bayanlawıshı xızmetinde hal feyil, kelbetlik feyil, ha`reket atı feyili, sha`rt meyil ha`m geyrara betlik feyiller qollanıladı.

a) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **–ıp/-ip,-p** bolımsiz +**may/-mey** formalı hal feyillerden bolıp, bas ga`p penen sebeplik ma`nide baylanısadı. Bunda bag`ının`qı ga`p bas ga`pten burın kelip, bag`ının`qı ga`ptin` is-ha`reketi, waqıyası bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sebebin bildiredi: 1. Bas wa`zir wonın` bul ko`rinisine ku`ta` ıshqı etip, ko`zleri ku`ldi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 461-bet).

b) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı hal feyildin` -g`anlıqtan/-genlikten qospa formalarınan bolıp, bas ga`p penen sebep ma`nisinde qatnas jasaydı: Qon`ıratqa kiyatırsın Maman Mırjıqtikinde qonıp wo`tkenlikten, endi ol mira`t qılsa da qayırılmaw niyetinde edi (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 180-bet).

v) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-g`anday/-gendey** hal feyil formaları arqalı bildirilip te, bas ga`p penen sebep ma`nisinde baylanısadı: Quyash ashshı nurın mag`an to`kkendey, ko`zlerim ashılmay qıpılıqladı (T.Qayıpbergenov).

2. Sebep bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` -g`an/-gen formasına barıs, shıg`ıs seplik qosımtalarının` qosılıwınan ha`m sol -g`an/-gen formasının` ataw yamasa shıg`ıs seplikli turine geyrara tirkewishlerdin` dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`p penen baylanısadı.

a) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` -g`ang`a,-g`annan formaları  arqalı bildirip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw sebebin an`latadı: Qonag`ının` turi birden wo`zgergennen, hayal an`ırawı menen tan`lanıp qaldı (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 414-bet). Geyde **–g`ang`a** formalı bayanlawıshqa ma janapayı dizbeklesip, bayanlawıshtın` ma`nisin sub`ektlik ma`nide ku`sheytip ko`rsetedi: Ylken biy adam qusatıp so`yleskenge me, Dospan biraz esin jıyıp wo`zine keldi (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 121-bet).

b) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ataw yamasa shıg`ıs seplik qosımtalı **-g`an/-gen** formalı kelbetlik feyilde **son`, keyin** tirkewishlerinin` dizbeklesip keliwinen bolıp, sebeplik ma`ni bildiredi. Shayıqtın` dıqqatı at qosshısına awg`an son`, Maman da atının` ju`wenin tartıp izirek ju`rdi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler»).

v) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-g`an (-g`anı)** formalı kelbetlik feyilden bolıp, og`an ushın sebepli tirkewishlerinin` dizbeklesip keliwi arqalı bas ga`p penen sebep ma`nisinde qatnas jasaydı. Ko`kiregi o`sken jas biy bul ga`pti birinshi ret aytqanı ushın Amanlıq heshten`e dey almay tıg`ıldı (T.Qayıpbergenov). Ystilerine do`nip turg`an a`jel qa`wpi bosaspag`anı sebepli, olar bir-birine ashılıspadı da (T.Qayıpbergenov).

Tartım qosımtalı **-g`anı ushın** konstrruktsiyasınan du`zilgen bag`ının`qılı ga`ptin` bayanlawıshına **ba** janapayı dizbeklesip, bas ga`p penen sub`ektivlik ma`nide baylanısqan sebepti bildiredi: Maman menen so`ylesigi biyna`tiyje bolg`anı ushın ba, ol azanda atlanar gezinde ja`ne bir qaradı. Eskiden kiyatırg`an

dushpanı bolg`anı ushın ba, ol isene bermes edi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 29-bet)

Geyde sebep bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı betlik feyilden bolıp, sol bayanlawıshqa da`nekerlik xızmettegi degeni ushın tirkewishinin` dizbeklesip keliwi arqalı bas ga`p penen sebeplik ma`nide baylanısadı: Qurdaslarım jarasadı degeni ushın, men sarı kofta, ko`k yubka satıp alıp kiydim (T.Qayıpbergenov).

3. Sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı qospa ga`pinin` bayanlawıshı ha`reket atı feyilinen bolıp kelgende, olar bas ga`p penen to`mendegi formalarda baylanısadı:

a) bayanlawıshı tartımlanıp kelgen **–ıw/-iw** formalı ha`reket atı feyiline na`tiyjesinde, arqasında ko`mekshi so`zlerinin` dizbeklesiw arqalıbag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sebebin bildiredi: Barlıq ıqlas ha`m hu`jdanı iske asırılıwı na`tiyjesinde, da`stelengen pishen u`sti-u`stine mingesip, qapırıq qalın` maysa qamıslardın` ortası oyılg`anday bolıp qaldı (T.Qayıpbergenov);

4. Sebep bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sha`rt meyildin` –sa/-se forması arqalı bildiriledi:

a) bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **–sa/-se** formalı sha`rt meyil ha`m sol formag`a janapaylıq xızmettegi **da/de** ko`mekshi so`zinin` dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sebebin an`latadı: Bazda olarg`a iyshannın` wo`zi qosıla qoysa, ja`ma`a`tke qatnasqanlar wo`zlerin misli Mekkege ziyarat etkennen kem sezbeydi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 436-bet). Shana sa`l ten`selip ketse de, ol ın`ırsıp qoya beredi (T.Qayıpbergenov). Bul du`zilistegi ga`plerdin` **–sa/-da** formasında **–sa** formasına qarag`anda sebeplik ma`ni stillik jaqtan bir qansha ku`sheytilin`kirep beriledi.

b) bayanlawıshı betlik feyilden bolıp, wog`an da`nekerlik xızmettegi ma, ba, pa janapayının` dizbeklesip keliwinen du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sebebin bildirip keledi. Ulıwma ga`ptin` mazmunınan sebep ma`nisi menen qatar modallıq ma`nide an`latıladı: Bul

ashshı dawıstı janlı maqluq esitpedi me, daladan heshkim sılt etpedi (T.Qayıpbergenov). Ko`rip ju`rgenin` joq pa, xan sarayındag`ılar-a`m bir-birine qarsı (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 435-bet). Bunday dan`qlı adamdı wo`z elatında ko`riwdi a`rman etip ju`rgeni ushın ba, qoqtasınlılar piyshembi, juma sayın wonın` otawı aynalasındag`ı qum arasında-aq ba`zim qurıp ketetug`ın a`detti shıg`ardı (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 436-bet).

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` analitikalıq usıl menen baylanısqan turin bag`ındırıwshı da`nekerler du`zedi. Qaraqalpaq tilinde bag`ındırıwshı da`nekerlerdin` sanı onsha ko`p yemes. Olar to`mendegiler: sebebi, o`ytkeni, sonlıqtan, sol sebepli, sol ushın, Sonın` ushın, nege desen`, na`tiyjede, Sonın` na`tiyjesinde, Sonın` saldarınan, aqıbetinde, Sonın` aqıbetinde, Sonın` arqasında t.b. Bul da`nekerlerdin` sebebi, o`ytkeni, sonlıqtan, sol ushın, Sonın` ushın, nege desen` turleri burınnan qa`liplesken tiykarg`ı da`nekerlerdin` toparın du`zedi, olar tilde ken` qollanıladı. Al, son` qa`liplesken da`nekerlerdin` toparına da`nekerlik wazıypag`a wo`tken na`tiyjede, Sonın` na`tiyjesinde, Sonın` saldarınan, aqıbetinde, Sonın` aqıbetinde, Sonın` arqasında da`nekerleri kiredi. Son`g`ı topardag`ı turleri da`nekerlik xızmettegi so`zler dep te ataladı. Bulardın` ha`mmesi de bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdi wo`z ara sebeplik, na`tiyje ma`nilerinde baylanıstırıwg`a qatnasadı. Usı sıyaqlı wo`zgesheliklerine qaray, olar sebep da`nekerleri (sebebi, o`ytkeni, nege desen`), na`tiyje da`nekerleri (sonlıqtan, sol sebepli, sol ushın, Sonın` ushın, na`tiyjede, Sonın` na`tiyjesinde, Sonın` saldarınan, aqıbetinde, Sonın` aqıbetinde, Sonın` arqasında) bolıp eki toparg`a bo`linedi. Bunın` birinshi topardag`ı turleri sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bag`ının`qı ha`m bas ga`plerdi baylanıstıradı. Ekinshi topar turleri na`tiyjede bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` jay ga`plerin baylanıstırıwshı xızmetti atqaradı.

### 5.7. Na`tiyje bag`ının`qılı qospa ga`p

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turi qaraqalpaq tilindegi ilimiy miynet ha`m sabaqlıqlarda Ha`zirge deyin sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramında u`yrenilip keldi. Bul miynetlerde sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin`

quramındag`ı bag`ının`qı ga`p sebepti, bas bag`ının`qı ga`p arqalı ju`zege asatug`ın na`tiyjeni bildiredi dep tu`sinik beriledi[a`]. Haqıyqatında da, sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ta`biyatı usılay. Biraq, da`nekerlerdin` morfologiyalıq u`yreniliwine arnalg`an ilimiy miynetlerde **sonlıqtan, sol sebepli, sol ushın, Sonın` ushın, na`tiyjede, Sonın` na`tiyjesinde, Sonın` saldarınan, aqıbetinde** da`nekerleri dep bo`linip, bul da`nekerler arqalı bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen ma`nilik ha`m grammatikalıq jaqtan baylanısıwı arqalı na`tiyje bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziledi dep ko`rsetiledi[g`].

Na`tiyje bag`ının`qılı qospa ga`p turkiy tillerinin` ko`pshiliginde sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramında yemes, bag`ının`qılı qospa ga`ptin` wo`z aldına bir turi retinde u`yrenilip kiyatır[a`]. Bul u`yreniliwlerdin` ha`mmesinde de na`tiyje bag`ının`qı ga`ptin` bas ga`pten keyin keletug`ını ko`rsetiledi.

Na`tiyje bag`ının`qılı qospa ga`p du`zilisi, ma`nisi, orın ta`rtibi ha`m basqa da wo`zgesheliklerine qaray sebep bag`ının`qılı qospa ga`pten ayırılıp turadı. Sonlıqtan basqa turkiy tilleri sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de na`tiyje ma`nisin bildiriwshi bag`ının`qılı qospa ga`pti sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramına n bo`lip alıp, wo`z aldına pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bir turi retinde u`yreniliwi tiyis.

Na`tiyje bag`ının`qı ga`p bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyanın` na`tiyjesin, juwmag`ın bildiredi. Bul ga`ptin` ma`nisi ha`m du`zilisin anıqlawda bag`ının`qı ga`p penen bas ga`ptin` orın ta`rtibi ha`m bag`ındırıwshı da`nekerlerdin` ma`nilik jaqtan baylanıstırıwshılıq xızmeti tiykarg`ı belgilerdin` biri retinde xızmet atqaradı. Bunday jag`dayda na`tiyje bag`ının`qı ga`p bas ga`pten keyin keledi ha`m bas ga`p penen na`tiyje da`nekerleri a`m da`nekerlik xızmettegi so`zler arqalı baylanısadı.

Na`tiyje bag`ının`qılı qospa ga`ptin` jay ga`pleri **sonlıqtan, sol sebepli, sol ushın, Sonın` ushın,** sıyaqlı tiykarg`ı da`nekerler arqalı baylanısıp, da`slepki gsha`p arqalı bildirilgen is-ha`reket, waqıyasın son`g`ı ga`ptin` is-ha`reket, waqıyası na`tiyjesi arqalı bildiriledi: Ha`mmesine wo`zi jaqsı tu`sinedi, sol sebepli Gu`lbiyke sır bermey tın`lap wotır (T. Qayıpbergenov).

## 5.8. Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` mazmunı bag`ının`qı ha`m bas ga`pler arasındag`ı is-ha`reket, waqıyalardın` qanday maqsette jumsalıwına qatnaslı anıqlanadı. Bunday ma`nidegi ga`plerde bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi waqıyanın` qanday maqset penen iske asqanlıg`ın yamasa iske aspay qalg`anlıg`ın bildirip keledi. Bunda ekinshi is-ha`rekettin` iske asırılıwı yaki iske aspag`anlıg`ı birinshi ha`reketke qaratılg`an boladı, birinshi is-ha`rekettin` maqseti ekinshi is-ha`reket arqalı iske asadı: Toyg`a kelgenler g`arq bolıp bir toyınsın dep, mol-molaqay qazan astırıp atır (T.Qayabergenov «Baxıtsızlar» 33-bet).

Bul ga`pte mol-molaqay qazan astırıwdın` ne maqset penen islengenligi, ne ushın kerekligi, birinshi ga`ptegi waqıya arqalı ma`lim bolıp turadı, yag`nıy ekinshi ga`ptegi waqıya birinshi ga`ptegi waqıya ushın islenedi.

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p du`zilisi ha`m bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshının` dep ko`mekshi so`zi arqalı bildiriliwi jag`ınan sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke ju`da` jaqın keledi. Biraq, olardı bir-birinen ajıratıwda, jay ga`pleri arasındag`ı ma`nilik qatnaslar, bag`ının`qılı ga`plerinin` bayanlawısh wazıypasındag`ı so`zlerdin` bildiriliwi, a`sirese bag`ının`qı ga`ptegi waqıya menen bas ga`ptegi waqıyanın` sebep yaki maqsetti keltirip shıg`arıwshı wo`zgeshelikleri tiykarg`ı roldi atqaradı. Sebep bag`ının`qılı qospa ga`pte bag`ının`qı ga`ptegi waqıya bas ga`ptegi sebepti keltirip shıg`arıwshı bolıp kelse, maqset bag`ının`qılı qospa ga`pte bas ga`p bag`ının`qıg`a qaratılıp, bas ga`ptegi waqıyanın` belgili bir maqsette islengenligi belgili bolıp turadı

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler, tiykarınan, sintetikalıq usıl menen baylanısıp, maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zedi. Wonın` bag`ının`qı jay ga`pinin` bayanlawısh feyildin` betlik formaları – buyrıq, tilek, anıqlıq ha`m sha`rt meyillerden, betlik yemes feyiller -ha`reket atı feyilinin` **–ıw/-iw,-w,** kelbetlik feyildin` **–ar/-er,-r**, jekke-siyrek hal feyildin` **–e** forması arqalı bildiriledi. Biraq, bul feyiller bayanlawısh wazıypasında kelgen menen, olar tikkeley wo`zliginen bas ga`p penen ma`nilik baylanısqa tu`se

almaydı. Olardın` ma`nilik baylanısın bildiriw ushın belgili baylanıstırıwshı qurallar da`nekerlik xızmettegi dep, ushın, degen maqset penen, degen niyet penen, degen u`mit penen t.b. ko`mekshi so`zler bag`ının`qılı ga`ptin` bayanlawıshına dizbeklesedi. Bulardan da`nekerlik xızmettegi dep ko`mekshi so`zi maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti du`ziwde o`nimli qollanıladı:

**Dep ko`mekshi so`zi arqalı du`ziletug`ın maqset bag`ının`qılı qospa ga`p.** Maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul turinin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshları to`mendegi formalarda kelip, bas ga`p penen ma`nilik baylanısqa tu`sedi:

1. Bayanlawıshı buyrıq meyildin` 3-bet, siyrek jag`dayda 1-2-bet formalarına da`nekerlik xızmettegi dep ko`mekshi so`zinin` dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw maqsetin bildiredi: A`ke-sheshesi, ulımız Esengeldidey batır bolsın dep, Sonın` atın qoyg`an (T.Qayıpbergenov).

2. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı tilek meyildin` **–ayın/-eyin, -ayıq/-eyik** birlik ha`m ko`plik formalarına dep ko`mekshi so`zinin` dizbeklesiwi arqalı, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` maqsetin an`latadı: Eldin` ko`zine tu`speyik dep, olar awıldan tasalanıp, ko`ldin` jiyegi menen jorttı (T.Qayıpbergenov).

3. Bayanlawıshı, ko`binese anıqlıq meyildin` keler ma`ha`l, wo`tken ma`ha`l formalarına, geyde siyregirek wo`tken ma`ha`l formasına ma eken dep ko`mekshi so`zlerinin` qabatlasıp dizbeklesiw arqalı bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` isleniw maqsetin bildiredi. Bu`l ma eken dep ko`mekshi so`zlerinin` qatnasında du`zilgen turi sub`ektivlik maqsetti an`latadı: Ziyada uyıqladı ma eken dep, tamnın` aldınan aylandım (T.Qayıpbergenov).

4. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` –ar formalı turine ha`m geyrara buyrıq meyil formasına degen maqset penen, degen niyet (u`mit) penen so`zleri dizbeklesip, bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyanın` isleniw maqsetin bildirip keledi: Aydosqa sadıq A`liy, nabada awırıp qalsam, yaki du`n`yadan ko`z jumsam u`lken ulım wornımdı basar degen maqset penen, Jaliydi at miniwge u`yretken edi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler»). Jarlı bay

menen ten`lessin degen niyet penen, aqlıg`ımnın` atın Ten`el qoyar edim (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar»).

Siyrek jag`dayda bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı hal feyildin` –e formasına pitken turine me soraw janapayı ha`m dep ko`mekshi feyilinin` qabatlasıp dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw maqsetin bildirip keledi. Bunday du`zilistegi bag`ının`qılı qospa ga`ptin` mazmunınan sub`ektivlik modallıq ma`ni an`latıladı: Basqa birewler kelip so`zdi bo`le me dep, olar Jiyemurat jatatug`ın bo`lmege barıp wotırdı (T.Qayıpbergenov).

## 5.9. Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` mazmunı bag`ının`qı ga`p penen bas ga`ptin` wo`z ara ma`nilik qatnasınan du`ziledi. Sha`rtlik qatnas bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıyanın` qanday sha`rt penen, qanday iske asqanın yamasa iske aspag`an sha`rtin an`latadı: Texnikan` saz bolsa, isin` rawaj tabadı. Eger texnikan` saz bolmasa, isin` rawaj tappaydı.

Eki ga`pte de bag`ının`qı ga`pten an`lasılg`an waqıya bas ga`ptegi waqıyanın` na`tiyjesin, real sha`rtin an`latadı. Bul eki ga`ptegi bag`ının`qı ga`plerdin` bayanlawıshları meyli bolımlı ya bolımsız bolsın, ekewinen de real sha`rt an`lasıladı. Birinshi ga`pte texnikanın` saz bolıwına baylanıslı is rawaj tapsa, ekinshide texnikanın` saz bolmawına baylanıslı isi rawaj tappaydı. Eki jag`dayda da real waqıya xabarlanadı.

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` tiykarg`ı bas belgisi baqının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` sha`rt ma`nisin an`latıwshı sha`rt meyildin` **–sa/-se** forması menen belgilenedi. Sonın` menen qatar, sha`rtlik qatnas kelbetlik feyildin` **-g`an+da,-g`an+sayın,** ha`l feyildin` **–may,-g`ansha** ha`m t.b. da ha`r turli grammatikalıq formalarda kelip te bildiriledi. Bunday du`ziliste kelgen bag`ının`qı ga`p penen bas ga`ptin` arasındag`ı ma`nilik qatnaslar bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` ma`nisine ten` keledi. Usınday belgileri esapqa alınıp, izertlewshiler ta`repinen sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti

wo`zine uqsas bag`ının`qı ga`plerden ajıratıwda tiykarg`ı belgileri retinde olardın` ma`nilik baylanısı, ekinshisi retinde formalıq belgisi esapqa alınadı[a`].

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p, tiykarınan, sintetikalıq usıl menen du`ziledi. onın` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshı to`mendegi so`zler arqalı bildiriledi:

1. bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı atawısh so`z ha`m bolsa, ko`mekshi feyilinin` dizbeginde kelip, bas ga`p penen sha`rt ma`nisinde baylanısadı. Bunday du`zilistegi bag`ının`qı ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`rekettin` real sha`rtin bildiredi: el aybatsız bolsa, basshılardan jurt shiyitkiydi (T.Qayıpbergenov).

2. Sha`rt bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` **– g`an+da ha`m -g`an+sayın, jag`dayda** formaları arqalı bildirilip, bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`reket, waqıyanın` isleniw sha`rtin an`latadı. Bul jag`dayda bayanlawısh xızmetindegi –g`anda formalı kelbetlik feyilden bolg`an bayanlawısh, ko`binese bolımsız formada qollanıladı: Olar bir awılg`a aralaspag`anda, biraz ilinisiw qa`wpi bar edi (T.Qayıpbergenov «Baxıtsızlar» 180-bet).

3. bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolımlı formada, bas ga`ptin` bayanlawıshı bolımsız formada yamasa kerisinshe bolıp ta keledi: Usınnan toy kewlimizdegidey qılıp berilmese, awıldan ko`shemiz. (T.Qayıpbergenov).

Geyde sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bas ga`pinin` aldında da`nekerlik xızmettegi sonda so`zi kelip, bag`ının`qı ga`p penen bas ga`p sha`rt ma`nide baylanısadı. Eger sonda so`zine g`ana janapayı dizbeklesip qollanılsa, sha`rtlik ma`ni burıng`ıdan da ku`sheytilip keledi: Bunda sen asıqpay, albıramay bolg`an ha`m bolatug`ın isti durıs ayt, sonda heshbir qa`telespeysen` (T.Qayıpbergenov).

## 5.10. Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` quramındag`ı jay ga`plerdin` is-ha`reket, waqıyalarınan bir-birine qarama-qarsı bolg`an mazmun an`lasıladı. Bunda birinshi ga`pten an`lasılg`an waqıyag`a ekinshi ga`ptegi (bas ga`ptegi) waqıya qarama-qarsı keledi. Ekinshi ga`ptegi waqıyanın` qarama-qarsı keliwi arqalı birinshi ga`ptegi is-ha`reketten belgili bir na`tiyje shıqpaydı. Ekinshi

ga`ptegi waqıya bag`ının`qı ga`ptin` is-ha`reketine qatnassız, wonın` qarsılıg`ına qaramastan iske asırıladı. Biraq, bulardın` arasındag`ı qarama-qarsılıqtı bildiriwshi ma`nilik qatnas u`zilmeydi. Ekinshi ga`ptegi mazmun birinshi ga`pke qarama-qarsı qoyılıwı arqalı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziledi: Babalar usılay wa`siyat qaldırsa da, nege wo`zleri heshten`e qıla almag`an. (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 435-bet).

Eger bag`ının`qılı qospa ga`ptin` basqa turlerinen bag`ının`qı ga`ptegi waqıya bas ga`ptegi waqıyanın` isleniwi ya iske asıwdag`ı na`tiyjeni keltirip shıg`arsa, qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pte, kerisinshe, bag`ının`qı ga`ptin` na`tiyjesi wo`zine mazmunlas qarama-qarsı waqıyanı talap etedi. Ma`selen: Murat shayıq Mamannın` aqılına, danalıg`ına jasınan isengen menen, bunday sha`pik tapqırlıg`ına isenimi kem edi (T.Qayıpbergenov).

Bul qospa ga`pte jay ga`plerden an`lasılg`an waqıyalar ma`nileri jag`ınan bir-birine qarama-qarsı bolg`an menen, ulıwma mazmunı jag`ınan bir-birine baylanıslı bolg`an mazmunlas waqıyalardı qarama-qarsı qoyıw arqalı bir pu`tin qospa ga`pke birigedi.

Turkiy tillerindegi geyrara izertlewlerde «qarsılas bag`ının`qı ga`pler bas ga`ptegi is-ha`rekettin` orınlanıwına qarsı bolg`an sha`rtti bildiredi» dep esaplap, qarsılas bag`ının`qılı ga`pler, tiykarınan, sha`rt bag`ının`qılı ga`plerdin` bir turi retinde qaraladı[a`].

Sha`rt bag`ının`qı ga`p tikkeley bas ga`ptegi iske asatug`ın yamasa iske aspaytug`ın sha`rtti, na`tiyjeni bildirip keledi. Al qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pi wo`zine qarsı qaratılg`an ga`p penen baylanısadı, odan na`tiyje shıg`ara almaydı, bag`ının`qı ga`ptin` is-ha`reket, waqıyası iske asa beredi. Bas ga`ptegi is-ha`reket, waqıya bag`ının`qı ga`ptegi is-ha`reketke, waqıyag`a qarama-qarsı bolg`an mazmun menen beriledi: Sonlıqtan qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pti anıqlawda bas belgi retinde bag`ının`qı ga`pke qarama-qarsı qoyılg`an bas ga`pten an`lasılg`an ma`ni sheshedi.

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı komponentinin` bayanlawıshı wazıypasın sha`rt meyildin` **–sa/-se** formasına janapaylıq

xızmettegi **da** da`nekerinin` dizbeklesip keliwi arqalı du`zilip, bas ga`p penen qarsılaslıq ma`nide baylanısadı. Olar to`mendegi formalarda bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolıp keledi:

1. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sha`rt meyildin` -**sa/-se** forması ha`m sol formag`a janapaylıq xızmettegi da/de, ha`m da`nekerlerinin` dizbeklesiwi menen du`zilip, bas ga`ptin` is-ha`reketine qarama-qarsı ma`nide keledi: Biyshara jigitte wo`zbek qanı bolsa da, ayamadıq (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 434-bet).

Bul qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`plerdegi bag`ının`qı ga`ptin` –sa forması arqalı bildirilgen turine qarag`anda, **-sa da,** du`zilistegi turinde qarsılaslıq ma`ni birqansha anıq bolıp keledi.

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **–sa da** forması arqalı du`zilgen qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` da`slepki jay ga`pinin` quramında **qansha, qanshama, qanshelli** sıyaqlı qatnas almasıqları kelip te qollanıladı.

Bunday jaydayda qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` qarsılaslıq ma`nisi stillik jaqtan ku`sheytilip keledi: Jiyemurat aldag`ı wazıypalardı qansha tu`sindirse de, Da`rmenbay geshshelene berdi. Ol qanshama ashıwlı so`ylese de, Da`wletbay dım ashıwlanbadı (T.Qayıpbergenov).

2. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyildin` **-g`anı+bolmasa, -g`an(g`anı)+menen, -g`anı+menende, -g`anda da ,-g`an+sayın** formaları arqalı bildirilip, bas ga`ptin` is-ha`reket, waqıyaları menen qarsılaslıq ma`nide baylanısadı: Olar ketken menen, top buzılmadı (T.Qayıpbergenov). Tartılıwg`a tiyisli gu`lla`n da`n un etilip bolg`anı menen de, Jumagul tınnım tappadı (T.Qayıpbergenov).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı barıs seplik formalı kelbetlik feyil yamasa ha`reket atı feyillerine qaramastan tirkewishinin` dizbeklesip keliwinen bolıp, bas ga`p penen qarsılaslıq ma`nide qatnas jasaydı: Adamlar qanshama u`stemlik ha`mir menen toplanıp kiyatırg`anına qaramsatan, olardın` ga`p tın`lap irkilgenine Esengeldi ju`regin bastı (T.Qayıpbergenov).

4. Qarsılas bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı anıqlıq ha`m tilek meyillerden bolıp, wog`an da`nekerlik xızmettegi **degeni menen** ko`mekshi so`zleri dizbeklesip keliwi arqalı bas ga`ptin` is-ha`reketine qarama-qarsı ma`nide keledi: Anası qızınan bul jaman ha`diyseni qansha jasıraman degen menen, Jumagul xabarlar edi (T.Qayıpbergenov).

5. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı buyrıq meyildin` 3-bet bolımsız forması arqalı bildirilip te, bas ga`ptin` is-ha`reketine qarama-qarsı ma`nide qatnas jasaydı: Olar qansha ashılısıp birin-biri isendiriwge urınbasın, basta baslang`an to`rt bag`ıt birew tu`we u`shewge kelmedi (T.Qayıpbergenov).

## Juwmaq

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` semantikalıq du`ziliwi wonın` quramındag`ı jay ga`plerdin` tu`sindiriwish, bag`ının`qı jay ga`pi arqalı iske asadı. Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` tu`sindiriwshi, g`a`rezlilik sıpatqa iye bolg`an turi bag`ının`qı ga`p, bag`ının`qı ga`p arqalı tu`sindiriliwshi jay ga`p bas dep ataladı. Bag`ının`qı ha`m bas ga`p wo`z ara bir-biri menen ma`nilik, grammatikalıq, intonaciyalıq jaqtan baylanısqan bir pu`tin qospa ga`pti du`zedi.

Mısalı: Jergilikli xalıq arasınan batılıraq birewleri wonın` atın, milletin biliwge qızıqsınsa, ashıwlanbay, kishipeyillik penen juwap beredi (T.Qayıpbergenov «Tu`siniksizler» 436-bet). Bul ga`ptin` quramındag`ı jay ga`ptin` da`slepkisi bag`ının`qı, son`g`ısı bas ga`p.

Turkiy tillerindegi sintaksisti izertlewshilerdin` ko`z-qarasları boyınsha en` qıyın ha`m talaslı ma`selelerdin` birin bag`ının`qılı qospa ga`ptin` quramındag`ı bag`ının`qı ga`ptin` wo`zine ta`n wo`zgesheliklerin anıqlaw ma`selesi yekenligi ko`rsetiledi. Bundag`ı talaslı ma`sele bag`ının`qı ga`ptin` kelbetlik feyil, hal feyil ha`m ha`reket atı feyilli toplamlardan ayırmashılıg`ın sheshew u`stinde bolıp kiyatır.

Bag`ının`qı ga`p penen feyil toplamların anıqlaw tuwralı son`g`ı izertlewlerde biraz anıq pikirler usınıladı. Q.Esenovtın` miynetlerinde hal feyil, kelbetlik feyil, ha`reket atı feyili ha`m sha`rt meyil formalarındag`ı

toplamlardın` is-ha`reketi wo`z aldına ayırım baslawıshına iye bola almay, tiykarg`ı ga`ptin` baslawıshına qatnaslı wonın` ekinshi da`rejeli is-ha`reketin bildirip kelse, bul sıyaqlı betlik yemes feyil toplamlı ga`pler ken`eytilgen ag`zalı jay ga`p yamasa qospalang`an ga`p boladı dep esaplaydı.

M.A.Asqarova ko`pshilik tyurkologlar ta`repinen tanılg`an «bag`ının`qı ga`p wo`z aldına ga`plik ma`ni bildiriwi, ayırım wo`zine ta`n baslawıshının` bolıwı ha`m intonaciyag`a iye bolıwı» sıyaqlı tiykarg`ı belgileri menen qatar, betlik yemes feyillerdin` belgili grammatikalıq qurallar arqalı bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde keletug`ının ob`ektiv faktler menen tolıqtıradı: 1) hal feyiller bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde kelgende bayanlawısh affiksin qabıl etpeydi: 2) **-g`an** formalı feyil bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolıp kelgende, orın, shıg`ıs seplik affikslerin ha`m geyrara tirkewishlerin qabıl etedi: 3) ha`reket atı feyili bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde kelgende, tartım affiksi ha`m geyrara tirkewishlerdi qabıllaydı. Betlik yemes feyil toplamlarının` joqarıda ko`rsetilgen bag`ının`qı ga`ptin` talabına juwap bere almaytug`ın turlerin ken`eytilgen ag`za dep esaplaydı.

N.A.Baskakov ha`r bir turkiy tillerinde bag`ının`qı konstrukciyanın` belgili eki toparı bar dep bayanlaydı. Birinshi toparg`a bag`ının`qı konstrukciyanın` ga`ptin` talabına tolıq juwap beretug`ın turin, al ekinshi toparg`a bag`ının`qı konstrukciyanın` pu`tin bas ga`pke yemes, tek wonın` bayanlawıshına qatnaslı bolg`an hal feyil, kelbetlik feyil toplamların jatqaradı. Bul wo`zgeshelikti feyil toplamlarının` bag`ının`qı ga`pten tiykarg`ı ayırmashılıg`ı dep esaplaydı.

Qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`pti izertlewshi E.Da`wenovtın` miynetinde sintetikalıq bag`ının`qılı qospa ga`pke bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` kelbetlik feyil ha`m ha`reket atı feyillerinin` ken`islik seplik affiksli, hal feyil ha`m-**sa** formalı sha`rt meyilden bolıp, basqa hesh qanday qosımsha qurallardın` qatnasısız bas ga`p penen baylanısqan qospa ga`pler ko`rsetiledi. Analitikalıq bag`ının`qılı qospa ga`pke bag`ının`qı ga`ptin` bas ga`p penen bag`ındırıwshı da`nekerler, **ma/-me** janapayı, **de** ko`mekshi feyilinin` tıyanaqlı bayanlawıshqa dizbeklesiwi, sonday-aq bag`ının`qı ga`ptin`

bayanlawıshının` quramında **sol, sonshelli, sonshama, sonday** usag`an da`nekerlik xızmettegi so`zlerdin` qatnasıwınan, al analitika-sintetikalıq bag`ının`qılı qospa ga`plerge bag`ının`qı ga`ptin` kelbetlik feyil ha`m ha`reket atı feyillerinen bolg`an bayanlawıshlarına ha`r turli tirkewish ha`m ko`mekshi atawıshlardın` dizbeklesiwi **-sa** formalı sha`rt meyilden bolg`an bayanlawıshqa **da/-de** janapaylıq xızmettegi da`nekerlerdin`, sonday-aq qatnaslıq so`zlerdin` keliwi arqalı baylanısqan bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` toparlarının` kiretug`ının ko`rsetedi[a`].

Joqarıda bayan etilgenlerdi juwmaqlastırıp, qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`plerin` du`zilislik turlerin bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` ha`r turli bolıp beriliwine, yag`nıy sırtqı ko`rinisine qaray emes, bag`ının`qı ga`ptin` bas ga`pke bayanlawısh forması arqalı baylanısqan barlıq turleri sintetikalıq bag`ının`qılı qospa ga`p dep qaraladı. Al bag`ının`qılı qospa ga`ptin` analitikalıq turine bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` quramına kirmeytug`ın baylanıstırıwshı qurallar arqalı baylanısqan bag`ının`qılı qospa ga`pler kiredi. Usı princip tiykarında qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zilislik jaqtan sintetikalıq ha`m analitikalıq bag`ının`qılı qospa ga`p dep eki tu`rge bo`lip u`yreniw maqsetke muwapıq keledi. Bul tiykardı u`yreniw izertlewlerde ha`r turli bolıp u`yrenilip ju`rgen qıyınshılıqlardı sheshiwde teoriyalıq ha`m a`meliy jaqtan bir qansha qolaylılıq tuwdırıwı mu`mkin. Solay etip, bag`ının`qılı qospa ga`ptin` sintetikalıq turinin` quramındag`ı jay ga`pler bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına ha`r turli baylanıstırıwshı grammatikalıq qurallardın` qosılıwı arqalı bas ga`p penen baylanısadı. Olar to`mendegiler: hal feyil formaları, kelbetlik feyil, ha`reket atı feyilleri+ken`islik seplik qosımtaları ha`m tirkewishler, sha`rt meyil, betlik feyil+geyrara janapaylardın` qatnasında baylanısıp keliwi arqalı du`ziledi. Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bul du`zilislik turi qaraqalpaq tilinde ken` qollanıladı.

Analitikalıq bag`ının`qılıqospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler bag`ındırıwshı da`nekerler ha`m geyrara da`nekerlik xızmettegi so`zler, qatnasıq almasıqları arqalı baylanısadı. Bul analitikalıq baylanıstag`ı bag`ının`qılı qospa

ga`pler baylanıstırıwshı qurallardın` qatnasına qaray da`nekerli bag`ının`qılı qospa ga`p ha`m qatnaslıq bag`ının`qılı qospa ga`p bolıp ekige bo`linedi.

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` sintetikalıq ha`m analitikalıq turlerinin` baylanısıw usıllarının` bildiriliwi olardın` ha`r qaysısına jeke-jeke tallaw jasag`anda anıq ko`rinedi.

Funkcionallıq princip boyınsha bag`ının`qılı qospa ga`pler: baslawısh, bayanlawısh, tolıqlawısh, anıqlawısh ha`m pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`pler bolıp bo`linedi. Pısıqlawısh bag`ının`qılı qospa ga`p ja`ne de wo`z ishinde bir neshe semantikalıq turlerge ajıratıladı.

## PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR


1. A`wezov M. Ha`zirgi da`wir Qaraqalpaq tilinde bag`ının`qılı qospa ga`pler ha`m olardın` strukturası. No`kis, 1976.

2. Baskakov N.A. Slojnoe predlojenie v karakalpakskom yazıke.- «Issledovaniya po sravnitel`noy grammatike tyurkskix yazıkov». ch. III, Sintaksis. Moskva, 1961.

3. G`ulomov A., Asqarov M. Hozirgi o`zbek adabiy tili. Sintaksis. Tashkent, 1987.

4. Dawletov M. Qaraqalpaq tilindegi qospa gaplerdin geypara teoriyalıq ma`seleleri. Nokis, 1993.

5. Da`wletov A., Da`wletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi Qaraqalpaq a`debiy tili. (Sintaksis) No`kis «Bilim» baspası, 2010.

6. Da`wletov M., Seydullaeva D. Ha`zirgi Qaraqalpaq tilinde qospa ga`pler. «Qaraqalpaqstan» baspası, 2010.

7. Esenov Q. Sabaqtas qұrmalas so`ylemnin` qұrılısı. Almatı, 1982.

8. Maxmudov N., Nurmanov A. O`zbek tilining nazariy grammatikasi. Tashkent, 1995.

9 Najimov A. Ha`zirgi qaraqalpaq tili sintaksisi.No`kis, 1990.

10. O`zbek tili grammatikasi. sintaksis, Tashkent, 1976.

11. Hozirgi o`zbek adabiy tili. sintaksis. Tashkent, «Fan», 1966.

12. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tililinin` grammatikası. No`kis, 1992.
13.Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No`kis, 1996.